

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi dijudulan “Transliterasi jeung Ajén Budaya dina Naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet* (Ulikan Fiologi)”. Objék anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta naskah anu judulna *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*, anu eusina ngawengku mantra, do’a, sawér, jeung palintangan. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Téhnik dina ngumpulkeun jeung ngolah data ngaliwatan studi pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan déskripsi, hasil transliterasi, édisi téks, jeung ajén budayana. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan-kacindekan anu dicangking sabadana panalungtikan réngsé.

Anu mimiti panalungtik ngumpulkeun data raratan naskah jeung kaayaan waruga naskah, ngaliwatan wawancara ka nu boga naskah, nyaéta ka Bah Iid anu alamatna RT 17/ RW 04, Kampung Legok Picung, Désa Pamekaran, Kacamatan Rancakalong, Kabupaén Sumedang. Ieu naskah mangrupa warisan turun-tumurun ti kulawargana. Narasumber mangrupa generasi kaopat anu nyekel ieu naskah. Waruga naskahna masih kénéh weweg, média tulisanna nyaéta keretas anu ukuranna 20,2 cm x 16,5 cm, kalawan ukuran ruang tulisna 16 cm x 12,5 cm. Naskah ditulis ngagunakeun aksara Arab Pégon jeung Latén. Tulisan anu maké aksara Arab Pégon masih kénéh bisa kabaca jelas, tapi aksara anu ngagunakeun Latén mah teu bisa kabaca lantaran tintana geus suub. Naskah anu ditulis ngagunakeun aksara Latén aya dina kaca kahiji. Eusi naskah ngawengku tilu hal nyaéta téks mantra, sawér, jeung palintangan. Mantra anu kapaluruh aya 10 nyaéta: 1) jangjawokan aya lima, 2) jampé aya dua, 3) rajah aya hiji, 4) asihan aya hiji, 5)ajian aya hiji. Do’a aya genep rupa. Rumpaka sawér anu kapaluruh aya hiji, nyaéta sawér pangantén 56 pada, ngagunakeun pupuh jeung sa’ir. Pupuh anu digunakeunna nyaéta asmarandana, aya dua pada jeung pupuh kinanti aya sapada. Sawér anu ngagunakeun sa’ir aya 53 pada. Anu pamungkas nyaéta palintangan aya lima rupa.

Ajén budaya anu kapaluruh dina ieu naskah dipasing-pasing dumasar kana tiori kluckhohn anu ngabagi ajén budaya jadi lima rupa nyaéta hakékat hirup manusa (MH), hakékat jeung karya manusa (MK), hakékat kalungguhan manusa dina ruang jeung waktu (MW), hakékat manusa jeung alam (MA), hakékat manusa jeung manusana (MM).

Ajén budaya anu kapaluruh dina mantra aya opat nyaéta MH, MK, MA, jeung MM. Ajén budaya anu kapaluruh dina do'a aya tilu nyaéta MH, MW, jeung MM. Ajén budaya anu kapaluruh dina sawér aya lima nyaéta MH, MK, MW, MA, jeung MM. Ajén budaya anu kapaluruh dina palintangan aya dua nyaéta MH jeung MW.

5.2 Implikasi

Hasil tina transliterasi bisa méré pamahaman ka masarakat anu teu bisa maca tulisan Arab Pégon pikeun mikanyaho kana eusi ieu naskah. Ajén budaya anu kapaluruh dina ieu naskah, bisa méré pamahaman ka masarakat umum yén sastra jeung paélmuan buhun, euyeub pisan ku ajén-inajén budaya anu luhung. Salian ti éta ieu panalungtikan bisa némbongkeun ka masarakat, yén karuhun urang Sunda téh luar biasa berbudayana.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji sastra jeung paélmuan Sunda buhun, nyaéta mantra, sawér, jeung palintangan. Aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun, saperti ieu di handap.

Pikeun mahasiswa program studi Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya, sastra, jeung paélmuan Sunda buhun. Mahasiswa kudu bisa maluruh tur ngaguar ngeunaan naskah Sunda kuna anu masih kénéh bacacar di masarakat, sangkan paélmuan jeung data-data informasi ngeunaan kasusastraan jeung kabudayaan, bisa kabukbak tur dipublikasikeun ka umum. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan dina panalungtikan anu sarupa.

Pikeun masarakat dipiharep kudu bisa leuwih ngajaga jeung ngariksa kana barang budaya titinggal karuhun, saperti naskah. Pikeun masarakat anu masih kénéh

ngapimilik naskah Sunda kuna, dipiharep sangkan bisa ngajagana supaya waruga naskah bisa kénéh alus tur weweg. Eusi naskah tangtuna euyeub pisan ku ajén-inajén anu luhung, pikeun bahan pangajaran dina mangsa kiwari.